



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO FÈ NOUYÒKÈ YO SONJE PRAL GEN YON OGMANTASYON SOU SALÈ MINIMÒM NAN

Salè minimòm rejyonal yo pral ogmante nan dat [31 Desanm](#) nan kad pwogrè New York ap fè pou rive a yon salè minimòm 15 dola

Li fè travayè yo sonje pou yo kontakte liy asistans pou vòl salè a (1-888-4-NYSDOL) pou rapòte patwon travay ki pa konfòme yo a ogmantasyon an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè travayè yo ak biznis yo nan New York sonje salè minimòm yo toupatou nan Eta a pral ogmante nan dat [31 Desanm 2019](#), epi li te fè patwon yo sonje pou yo mete afich enfòmasyon obligatwa sou salè minimòm yo ajou. [An 2016](#), Gouvènè a te fè kanpay epi li te reyisi pwomilge lwa ki pi djanm nan nasyon an sou salè minimòm, k ap aplike pa faz, pou fini pa reyalize yon salè minimòm 15 dola nan tout eta a.

"Gras a kokennchenn ogmantasyon sa a sou salè minimòm nan, New York ap kontinye pran devan nan chimen rebay fanmi travayè yo jistis ekonomik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An 2016 nou te bay egzanp pou rès nasyon an suiv gras a ogmantasyon salè minimòm nan rive a 15 dola, epi ane sa a n ap kontinye vanse avèk plan reyisi sa a k ap pote chanjman toutbon pou fanmi yo nan New York epi k ap pote fwi toupatou nan eta a."

Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor) etabli yon liy dapèl (1-888-4-NYSDOL) anplwaye ki touche salè minimòm kapab rele pou rapòte patwon ki pa respekte kalandriye aplikasyon pwogresif la.

[Nan dat 31 Desanm 2019](#), to salè minimòm jeneral yo pral ogmante pou rive a:

KOTE	NOUVO SALÈ MINIMÒM APATI DE 31/12/19	SALÈ MINIMÒM 2109
Vil New York - Ti Anplwayè (10 oswa mwens)	15.00 dola	13.50 dola
Long Island ak Westchester	13.00 dola	12.00 dola
Rès Eta a	11.80 dola	11.10 dola

*Nan Vil New York, pou Gran Anplwayè (11 oswa pi plis), salè minimòm nan pral rete a 15.00 pa è

[Nan dat 31 Desanm 2019](#), to salè minimòm yo pou travayè nan fasfoud yo pral ogmante pou rive a:

KOTE	NOUVO SALÈ MINIMÒM APATI DE 31/12/19	SALÈ MINIMÒM 2109
Andeyò Vil New York	13.75 dola	12.75 dola

*Nan Vil New York, salè minimòm nan pral rete a 15.00 dola pa è

Kalandriye Nivo Salè Minimòm Jeneral						
Kote	31/12/2016	31/12/2017	31/12/2018	31/12/2019	31/12/2020	2021*
NYC - Gwo Anplwayè yo (ki gen 11 anplwaye oswa pi plis)	11.00 dola	13.00 dola	15.00 dola			
Vil New York - Ti Anplwayè (10 oswa mwens)	10.50 dola	12.00 dola	13.50 dola	15.00 dola		
Long Island ak Westchester	10.00 dola	11.00 dola	12.00 dola	13.00 dola	14.00 dola	15.00 dola
Rès Travayè Eta New York yo	9.70 dola	10.40 dola	11.10 dola	11.80 dola	12.50 dola	*

Mizanplas Salè Minimòm 15 dola a

- Yo te adopte pwojè lwa sou salè minimòm 15 dola a nan kad bidjè 2016-17 eta a, epi li make yon akonplisman enpòtan nan efò Gouvènè a ap fè yo pou retabli jistis ak enpasyalite ekonomik pou fanmi ki ap travay nan Eta New York yo. Kalandriye mizanplas la sou baz rejyon yo ap konsa:

- Pou travayè nan Vil New York yo ki ap travay pou yon gwo biznis (sa ki gen omwen 11 anplwaye yo), salè minimòm nan te ogmante rive 11 dola nan fen ane 2016 la, epi apre sa 2 dola anplis chak lòt ane, pou rive 15 dola nan dat 31/12/2018.
- Pou travayè nan Vil New York ki ap travay pou yon ti biznis (sa ki gen 10 anplwaye oswa mwens yo), salè minimòm nan te ogmante rive 10.50 dola nan fen ane 2016 la, epi apre sa 1.50 dola anplis chak lòt ane, pou rive 13.50 dola nan dat 31/12/2018, epi monte rive 15 dola nan dat 31/12/2019.
- Pou travayè nan Konte Nassau, Suffolk ak Westchester yo, salè minimòm nan te ogmante rive 10 dola nan fen ane 2016 la, epi apre sa 1 dola anplis chak lòt ane, pou rive 12 dola nan dat 31/12/2018, epi monte rive 15 dola nan dat 31/12/2021.
- Pou travayè nan rès Eta a yo, salè minimòm nan te ogmante rive 9.70 dola nan fen ane 2016 la, epi apre sa 0.70 dola anplis chak lòt ane, pou rive 11.10 dola nan dat 31/12/2018, epi monte rive 12.50 dola nan dat 31/12/2020 - apre sa, salè minimòm nan pral kontinye monte pou rive 15 dola selon yon kalandriye endekse Direktè Divizyon Bidjè a (Division of Budget) pral etabli an konsiltasyon ak Depatman Travay la.

Yo kalkile ogmantasyon salè minimòm yo baze sou ki kote yon moun travay, nan ki endistri, epi nan kèk ka, ki gwosè biznis ki anplwaye li an. Pou ede enfòmè biznis yo ak anplwaye yo, Depatman Travay Eta New York la gen plizyè zouti ki disponib sou sitwèb li an: www.labor.ny.gov/minimumwage.

- [Kesyon Moun Poze Souvan sou Salè Minimòm \(Minimum Wage FAQs\)](#) ki reponn anpil nan kesyon ki pi komen yo
- Zouti [Konsiltasyon sou Salè Minimòm nan \(Minimum Wage Lookup\)](#) kite anplwaye yo verifye ki salè minimòm an lajan kach anplwayè yo dwe peye yo
- [Fòmilè Demann Enfòmasyon sou Salè Minimòm nan \(Minimum Wage Information Request Form\)](#) kite anplwaye yo poze lòt kesyon yo pa te deja reponn sou sitwèb Depatman an epi li pèmèt òganizasyon yo mande yon prezantasyon an pèsòn oswa an liy sou ogmantasyon ki pwograme yo

Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te di, "Gras a vizyon Gouvènè Cuomo a pou egalite salè pou tout Nouyòkè, n ap ede plizyè milyon travayè sòti nan pòvte epi n ap amelyore kalite lavi an pou yo ak fanmi yo. Mendèv nou an se pi gran atou nou nan New York, epi nou dwe kontinye pwoteje travayè nou yo epi jwe wòl pa nou an nan ede yo pwospere. Depatman Travay la rete angaje nan garanti yon salè jis pou Nouyòkè yo pou yo kapab okipe fanmi yo epi gen yon avni reyisi".

W ap jwenn plis enfòmasyon disponib sou www.ny.gov/minimumwage.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)